

ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР


## БАМАТ-ГИРИ-ХЬАЬЖИН (IАВДИН) ВИРД

Шайх Бамат-Гири-Хьаьжа Митаев дуьнен чу ваьлла Шелан кIоштарчу Эвтарахь 1838-чу шарахь. Халкъалахь йоккхуш йолу цIе Iавда йу цуьнан. Цуьнан ден цIе МитIа хилла, ненан цIе – Жансу. Деден цIе Анзор хилла. Вайн берриге а махкахь гIараваьлла вевзаш стаг хилла Анзор. Эвтарний, Сиржа-Эвланний йуккъехь хIинца а йолуш йу иза ваьхна, Iийна меттиг. Анзоран-кIотар олу цунах.

Дукха жима волуш дуьйна Iавда хIуманна тIекхиар дика долуш хилла. Цундела Кунта-Хьаьжас, шена улле озийна, тергойеш хилла цуьнан. Цхьана дийнахь кешнашкахь шен муридашца хилла Хьаьжа. Цо тидам бина ловзуш долчу берийн. Жима кIант - Iавда, цхьацца коша тIе а воьдий, цу тIе лерг а дуьллий, ладоьгIуш хилла. ТIаккха кхечу коша тIехь а иштта ладоьгIуш хилла. Хьаьжас шеца болчу муридашка хаьттина:

– Оцу беро лелош долчух кхетий шу? – аьлла.

– Тхуна-м ца хаьа, ахь дийцахьа, Хьаьжа, хIун деш ву иза? – хаьттина муридаша.

– Оцу хIора коша чохь дерг гуш ву и. Цаьрга ладоьгIуш ву, – жоп делла устаза.

Цул тIаьхьа шена улле озаво Хаьжас Iавда. Шен тобанца шаьш доьлхучу зуькаршка вуьгу. Иштта, цхьана мурида хьошалгIа кхайкхина хилла Хьаьжа. Дела хьахош, Iамал йина бевлча, охьахевшина хилла мурдаш. Йуург, кечйина, чуйеана, хьалха охьайиллина. Жижиг-галнаш хилла охьадехкина. ХIусамда вистхилла:



– Хьаьжа, йуург схьакхаьчна шуна, йаа дIайолайе, – аьлла. ТIаккха Хьаьжас аьлла:

– Бамат-Гири мичахь ву? Гучувала алал цуьнга. Дехьачуьра сехьаваьлла Iавда.

–ХIара йуург вайна йаа мегар йолуш йуй? – хаьттина устаза.

– Йац, – жоп делла Iавдас.

– Делахь, вайна йаа мегачу хьоле йаккхал хIара, – аьлла йуха а Хьаьжас. Iавдас галнаш а, жижиг а, кегош, декъна пхьегIаш чохь. ТIаккха аьлла цо:

– Хьаьжа, хIорш даа мегар ду, хIара вуьйш мегар дац.

– Делахь, даа мегар дац аьлларш арахь долчу жIаьлешна дIало, – аьлла Хьаьжас хIусамдега.

ХIума йиъна бевлча, Хьаьжас къамел дина муридашка:

– Оцу Бамат-Гирис, йаа мегар йу аьлла, къастийна галнаш ламаз карахь долчу зударша йина йара шуна. Вуьйш – ламаз карахь доцчара йинера.

ХIусамдас жа дажо шеца лелош жIаьла хилла. Нана йоцуш хилла оцу жана йукъахь цхьа Iахар. Шен кадаьлча, бодий, жIаьлех бекхаш хилла и. Оцу Iахаран жижиг дара оцу Бамат-Гирис даа мегар дац аьлларг. Иза воцчунна къасто хуур дацара и, – бохуш, дийцира Хьаьжас.

Иштта кхуьуш вара Iавда.

Шен 8-9 шо долуш, Мескар-Эвларчу ненахошца цхьаьна дуьххьара хьаьждан вахана Iавда.

Шен хьехамашца Далла гергавуьгуш долу Iилманаш цунна довзийтина, эвлайаан дарже ваьккхина иза Хьаьжас.

ШолгIа ХьаьжцIа вахана Iавда шен 34-35 шо долуш. ХьаьжцIа ваханчуьра цIавеъча, шен кертахь ор а даьккхина, цу чохь халбата воьлла иза. Далла Iамалйеш, йалх шой, ах шой даьккхина цо цу чохь. Цхьаболчу муридаша дийцарехь, 13 шарахь Iийна иза. Цу чохь Дела хьехош, йуучу хIуманах кIезиг кхеташ хиларна, дукха гIелвелла хилла иза. Иштта бу оцу эвлайаийн Далла гергакхачаран некъ. Дела алсам хьехош, йуучух кIезиг кхеташ.

Далла гергахилар кхоччуш къобалхилла цуьнан. Цул тIаьхьа, Делера хаам а хилла, керла зуькар йукъадаьккхина Iавдас. И зуькар цо муридашка дIаалийтина. ХIинца а иштта ду цуьнан муридаша деш долу зуькар. Зуькарца болу дукха пайданаш бийцина Iавдас:

Зуькаро мурид къинойх цIанво;

Даг чуьра сингаттам, бала дIаойъу;

Ойланаш цIанйо; Дагна а, дегIана а ницкъ ло;

Зуькар деш болчарна Дала жоп ло, доIанца доьхуш болчарна санна.

Iавдин доьзал хилла: ши кIант – Iела, Iумар цIераш йолуш, кхин йоIарий а хилла.

Муридашна хьехар деш хилла Iавдас: «Зуькарш делаш, вовшашца магалаш, вовшашна дезалаш, вовшийн ларалаш. Кхоъ вовшахкхетча а, салават диллий, зуькаран мукъам ца олуш, дIаса ма довлалаш», – бохуш.

ХIетахьлерчу Iедална кхераме хетта Iавда дуккха а наха лоруш хилар. Шозза Сибрех вахийтина иза. Дуьххьара Украинерчу Херсона-шахьара, деа шарна. ШолгIа – Калуга шахьара, пхеа шарна. Амма Калугехь и хан текхна валале, Деле дIавирзина. Муридаша, цIерпошта тIехь цIа валийна, Эвтарахь, ша Iийначу кертахь, дIавоьллина иза. Цуьнан кIанта шайха Митаев Iелас зерат дайтина цуьнан коша тIехь.

2008-чу шарахь вайн Мехк-Ден Кадыров Рамзанан омранца тодина иза. Уггаре а хазачех ду иза вайн Нохчийчохь. Зератан доладеш, и Iалашдеш, хIора дийнахь муридаш хуьлу цигахь. Цхьамма а диэ бохуш дац и. Шайн устазе лерам хилар ду.

Шен муридашна, Дела хьехош, Iамал йан хIора парзламазана тIаьхьа вирд даккхар тIедиллина Iавдас.

Дала и эвлайааш безар лойла вайна! Амин!

*М. Заурбеков*

## БАМАТ-ГИРИ-ХЬАЬЖИН (IАВДИН) ВИРД

Иштта ду Iавдас шеца тоба дайтинчу а, шеца ойла сецначу а муридашна тIедехкина вирдаш.

**Хьалхара вирд**

ХIора ламазана тIаьхьа пхоьазза «АстагIфируллахI» эр ду, I00-зза «Ла аилаахIа иллаллаахIу» эр ду, пхоьазза пайхамарна «салават» дуьллур ду.

Мел иштта кхайкхор бу: АIуузу биллахIиминашшайтIоонирросжиим. БисмиллахIиррохьмаанирроxьиими. Айса хIинцца ла аиллахIа иллаллахIу бохуш динчу I00 зикран мел Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана бели ас, цаьршинна йуккъе баьхкинчу эвлайаашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, и мел цаьрга дIакхачабе Ахь. Хьайгара къинхетам, Элчанера шапаIат, устазера шапаIат, беркат, шовкъ, марзо, хьал – пайда – асар соьга а, соьгахула со хьашт долчаьрга а кхачаде Ахь.

АллахIумма солли Iалаа Мухьаммадивва Iалаа аали Мухьаммадив-ва саллим. Бихьурмати сирри сууратилфаатихьахI, аьлла фатихьат доьшуш дерзор ду.

Массо а вирда тIехь догIуш ду йух-йуха йаздина ца хиларх. Муьлхачу а вирдан мел кхайкхош бисмилла ала деза.

**ШолгIа вирд**

ХIора Iуьйра ламазана тIаьхьа I00 салават дуьллур ду (дуьненчу малх кхетале). Кхи вирд даьккхича малх кхетар белахь, хIара хьалха даккха, кхуьнан мел кхайкхор бац. Цунна тIаьхье I00 «къулхIа» доьшур ду (хIора «къулхIанна» хьалха «бисмилла» эр ду).

Мел иштта кхайкхор бу: Айса бIозза дешначу «къулхIанийн» мел Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана бели ас, цаьршинна йуккъе баьхкинчу эвлайаашна бели ас, Элчана асхьабашна: Абубакар-Сиддикъана, Iелина, Iумарна, Iусманна бели ас (РозийаллахI IанхIум), Дела реза хуьлда царна.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай… (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

Важиб долу вирд чекхдели. КхидIа кхоъ вирд ду суннат долуш.

**1-ра суннат вирд**

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, йа цхьаьна пхи бIе Ла илаахIа иллаллаахIу боху зикр дийр ду.

ХIора бIенна хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза АллоохIумма солли Iалаа Мухаммадивва Iалаа аали Мухаммадив-ва-саллим эр ду. (Пхи бIе цхьаьний доккхуш велахь - I5 астагIфируллахI, I5 салават). Мел иштта кхайкхор бу: Айса дешначу I00 йа 500 зикран мел Адам Пайхамарна бели ас, Хьан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна бели ас, (Делера саламмаршалла хуьлда цунна), сайн устазана бели ас. Адам Пайхамарна тIера дуьйна Мухьаммад Пайхамарна тIекхаччалц (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Дала шайна Элчаналла делла бахкийтинчу пайхамаршна бели ас. Мухьаммад Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай... (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

**2-гIа суннат вирд**

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе Ла аилаахIа иллалаахIу бохуш долу зикр дийр ду, хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза Пайхамарна салават дуьллур ду. Йа цхьаьна гулдина 500 ла аилааха иллаллаахIу боху зикр дийр ду, хьалха I5 астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа I5 салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу: Хьан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, сайн дений-нанний бели ас (цIераш а йохуш).



Веза-Воккха Дела соьгара цIена совгIат дай... (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

**3-гIа суннат вирд**

ХIара вирд Iовдас тIедиллина дац, амма Iовдас вайн дена-нанна вирд тIедиллина хилча, Iовдица гIиллакх лаьцна, цуьнан дена-нанна даккхар нийса хетта Iовдин муридаша, Iавдера пурба а даьккхина, тIелаьцна лелош ду. Даьккхича меле а ду, нийса а хир ду.

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца Ла аилааха иллалаахIу бохуш долу зикр дийр ду, хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза Пайхамарна салават дуьллур ду. Йа цхьаьна гулдина 500 Ла аилааха иллаллаахIу боху зикр дийр ду, хьалха I5 астагIфируллах эр ду, тIаьхьа I5 салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу: Хьан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, сайн устазан дений-нанний бели ас (цIераш а йохуш), устаз Iавда велахь (МитIина а, Жансуна а), устаз Iовдин Вели велахь (дена Iавдина а, нанна Муьилматана а).

Веза-Воккха Дела соьгара цIена совгIат дай... (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

Иштта ду Iовдин вирд. Iавдин Iелин вирдан хьалхара вирдаш а иштта ду, кхидIа дерш Iелас тIейаздайтина ду.

*М. Заурбеков*

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

## 2-гIа агIо

### ИЗУЧЕНИЕ ТАДЖВИДА В ЧАСТНЫХ ШКОЛАХ

«***Изучение таджвида — это важный процесс, заключающийся в обучении правильному произношению букв и слов в Священном Коране. В последние годы в частных школах нашей страны активно внедряется преподавание таджвида.***

Чтобы узнать больше о преподавании таджвида в одной из школ, я связалась с Хамадовым Бекханом Андарбековичем, директором частной школы «Стар», расположенной в городе Грозном.

**ОПЫТ И МЕТОДИКА ПРЕПОДАВАНИЯ ТАДЖВИДА**

Бекхан Андарбекович поделился своим опытом: «Таджвиду я обучался в медресе в течение года, а сейчас продолжаю учёбу в Российском исламском университете. В нашей школе уроки таджвида начали преподавать с 2015 года. Более 500 учеников прошли по моей программе. Я постоянно совершенствую методику преподавания, чтобы донести до учеников правила таджвида. Дети быстро усваивают материал по обучению Корану, и здесь нам помогает Всевышний...»



## 3-гIа агIо

### ИМАМ МАЛИК

«Маликан мутаIеламех лаьцна аьлча-м, цара йоккха лар йитина Умматехь Iилманца. Цуьнан эзар кхо бIе мутаIелам хилла, оцу заманан Iилманчех уггаре а дукха нислуш бу уьш. Царах ву дуьненахь гIараваьлла, мазхIабан да а волу Имам ШафиIи. ШафиIис олуш хилла, Малик хьахош меттиг йаьлча, цуьнан хьокъехь: «Малик дуьне а серладаьккхина къегаш седа бара». Маликан мутаIелам хилла ву Яхья ибн СаIид аль-Каттан. Яхьян хьокъехь Хьанбалан Ахьмада аьлла: Сан бIаьргашна ма ца вайна цунах тера верг». Яхьяс олуш шен хьехархочун Маликан цIарах: «Имам Малик хьадисан Iилманехь паччахь ву». Иштта, Имаман мутаIеламех ву Суфьян ибн Iуйайна, табиIинех а волуш, Маккин хьадисан Iилманан воккха Iеламстаг. ШафиIис аьлла цуьнан хьокъехь: «Суфьян ибн Iуйайна а, Малик ибн Анас а ца хиллехь, Хьиджазера Iилма довр дара»...»

## 4-гIа агIо

### РАСТЕНИЯ, УПОМЯНУТЫЕ В КОРАНЕ

«ОЛИВКИ

ОЛИВКИ УПОМЯНУТЫ В КОРАНЕ СЕМЬ РАЗ, И ОБ ИХ ПОЛЬЗЕ ДЛЯ ЗДОРОВЬЯ ГОВОРИТСЯ В ПРОРОЧЕСКОЙ МЕДИЦИНЕ. ПРОРОК МУХАММАД (ДА БЛАГОСЛОВИТ ЕГО АЛЛАХ И ПРИВЕТСТВУЕТ) СКАЗАЛ: «ЕШЬТЕ МАСЛО ОЛИВЫ И НАТИРАЙТЕСЬ ИМ – ЭТО БЛАГОСЛОВЕННОЕ ДЕРЕВО».

Оливки, как и финики, играют значимую роль в древней и современной культуре. В средиземноморской культуре оливки выполняли самые разнообразные функции – от денег до лекарств – в течение нескольких тысяч лет. Голубь, держащий оливковую ветвь во рту, стал универсальным символом мира...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## ИЗУЧЕНИЕ ТАДЖВИДА В ЧАСТНЫХ ШКОЛАХ

Изучение таджвида — это важный процесс, заключающийся в обучении правильному произношению букв и слов в Священном Коране. В последние годы в частных школах нашей страны активно внедряется преподавание таджвида.

Чтобы узнать больше о преподавании таджвида в одной из школ, я связалась с Хамадовым Бекханом Андарбековичем, директором частной школы «Стар», расположенной в городе Грозном.

### ОПЫТ И МЕТОДИКА ПРЕПОДАВАНИЯ ТАДЖВИДА

Бекхан Андарбекович поделился своим опытом: «Таджвиду я обучался в медресе в течение года, а сейчас продолжаю учёбу в Российском исламском университете. В нашей школе уроки таджвида начали преподавать с 2015 года. Более 500 учеников прошли по моей программе. Я постоянно совершенствую методику преподавания, чтобы донести до учеников правила таджвида. Дети быстро усваивают материал по обучению Корану, и здесь нам помогает Всевышний.

Начиная с 1 класса, дети заучивают суры и учатся правильно произносить звуки арабского языка через аудирование. Осваивая письмо и чтение, они делают первые шаги в использовании арабского алфавита, осваивают адабы чтения Корана и развивают продуктивные (говорение, письмо) и рецептивные (чтение, восприятие на слух) навыки. Для этих уроков предусмотрено 3 часа в неделю во внеурочное время.





Основная цель преподавания таджвида — это духовно-нравственное воспитание подрастающего поколения и сохранение божественного откровения. Таджвид служит защитой текста Корана от искажений, а неправильное произношение может существенно изменить значение слов. Преподавание таджвида гарантирует, что новые поколения будут читать Коран так, как его читали при жизни Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Это является проявлением уважения и почтения к Книге Аллаха, требующей особых правил и усердия».

### КАРЬЕРА БЕКХАНА АНДАРБЕКОВИЧА

С интересом я узнала о пути Бекхана Андарбековича к должности директора в таком молодом возрасте. Он рассказал:

*«Моя работа в школе началась в 2012 году с преподавания истории и обществознания. С 2013 года я работал педагогом по духовно-нравственному воспитанию и помощником кадия Шейх-Мансуровского района. В 2017 году меня назначили исполняющим обязанности директора в одной из частных школ, и с тех пор я продолжаю работать в этой должности.*

*Несмотря на насыщенный график, я совмещаю свою работу еще с двумя направлениями: в общественной палате на должности заместителя председателя и в молодежном правительстве в должности первого заместителя. Также продолжаю учёбу в магистратуре по специальности «Юриспруденция» в ГГНТУ и в аспирантуре в МГТУ им. Баумана. На вопрос, как всё успевать, могу ответить: если у тебя есть намерение трудиться ради полезных дел, Аллах помогает и облегчает путь! Я не останавливаюсь на достигнутом и стремлюсь к постоянному развитию».*

Таким образом, таджвид становится неотъемлемой частью образовательного процесса, помогая детям не только расширять знания о религии, но и развивать уверенные навыки правильного чтения Корана, что, в свою очередь, положительно влияет на их успехи в учебе.

*Макка Халидова*

НАШИ ГЕРОИ

## АДАЕВ ШАМИЛЬ (1987 – 2014)



Адаев Шамиль родился в 1987 году в селе Катар-Юрт Ачхой-Мартановского района.

В 2012 году вступил в ряды полка ППС специального назначения имени Героя России А-Х. Кадырова МВД по Чеченской Республике. В том же году женился.

4 декабря 2014 года участники незаконных вооруженных формирований совершили в центре Грозного нападение на сотрудников ДПС УГИБДД, а затем закрылись в Доме печати. Завязался бой, в ходе которого один из сотрудников полиции получил ранение. Шамиль Адаев, заметив раненого товарища, рискуя собственной жизнью, помог пострадавшему выбраться в безопасное место, но сам получил ранение, несовместимое с жизнью.

За мужество и героизм, проявленные при исполнении служебного долга в условиях, сопряженных с риском для жизни, младший сержант полиции Адаев Шамиль Шамсудиевич награжден орденом Мужества (посмертно).

Именем Шамиля названа Катар-Юртовская средняя школа № 1 и одна из улиц села.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

## КЪИНОЙХ ЦIАНВЕШ, ЙАЛСАМАНЕ ВАХА ХЬАКЪВЕШ ЙОЛУ IАМАЛШ

**Нанас винчу дийнахь санна къинойх цIанвеш йолу Iамалш**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Хьаьж а дихкина, цул тIаьхьа оьзда боцу мотт ца лебеш, Iесалла а ца лелош хилларг – шен къинойх дIацIанло, нанас дена винчу дийнахь ма-хиллара»** *(Бухарис дийцина хьадис).*

Абу Аюба Аль-Ансарис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Рамадан бутт кхаьбна, цул тIаьхьа шаввал беттан йалх марха кхаьбнарг – дерриге а шо кхаьбначух терра ву»** *(Муслима дийцина хьадис).*

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш (уьш хIордан чопа санна дукха делахь а)**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIора ламазана тIаьхьа ткъе кхойттазза – «*Субхьаналлох1и*», ткъе кхойттазза – «*Альхьамду лиллахIи*», ткъе кхойттазза – «*АллохIу акбар*» – аьлларг, тIаккха бIе дузуш «Ла илахIа иллаллахIу вахьдахIу ла шарика лахIу. ЛахIуль-мульку ва лахIуль-хьамду, ва хIува Iала кулли шайин къодир» - аьлларг, – цуьнан къиношна гечдийр ду, хIорда тIехула йолу чопа санна уьш дукха делахь а»** *(Муслима дийцина хьадис).*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ша Iуьйренга ваьлча, суьйренга ваьлча а бIозза «Субхьаналлох1и ва бихьамдих1и» аьллачун къиношна гечдийр ду, хIорда тIехула йолчу чопанал дукха уьш делахь а»** *(Хьакима дийцина хьадис).*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Лаьтта тIехь цхьа а стаг ма вац ша: «ЛаилахIа иллаллох1, валлох1у акбар, ва субхьаналлох1и, вальхьамду лиллах1и, ва ла хьавла ва ла къуввата илла биллах1и» олуш, цунна тIера къинош, хIордан чопанал уьш делахь а, дIадохуш а бен»** *(Хьакима дийцина хьадис).*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «**Субхьаналлох1и ва бихьамдих1и» дийнахь бIозза аьллачун къинош дIадохур ду, хIордан чопанал уьш делахь а»** *(Бухарис дийцина хьадис).*

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш**

Абу СаIида Аль-Худрис, Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаге ца кхочу кIадвалар, цамгар, бала, гIайгIа, цатам, сингаттам, цунна Iотталуш долу кIохцал а, Дала уьш бахьана долуш цуьнан цхьадолу къинош дIадохуш а бен»** *(Бухарис дийцина хьадис).*

Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ши бусалба стаг вовшахкхетар вац, куьг даларца салам а луш, и шиъ дIасакъастале хьалха царшинна гечдеш а бен»** *(Абу Давуда дийцина хьадис).*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба лайно (йа муъма лайно) ша ламаз эцча: цо шен йуьхь йилича, цуьнан йуьхьа тIера дерриге** (кегий) **къинош дIадовлу, шен шина бIаьрго летийна долу, хица цхьаьна (йа тIаьххьарчу хинан тIадамца). Цо шен ши куьг дилча, цуьнан шина куьйга тIера дерриге а** (кегий) **къинош дIадовлу, цаьршинца цо летийна долу, хица цхьана (йа тIаьххьарчу хинан тIадамца). Цо шен ши ког билча, цуьнан шина кого летийна дерриге** (кегий) **къинош дIадовлу, хица цхьаьна (йа тIаьххьарчу хинан тIадамца), къинойх ц1анвелла д1ах1отталц»** *(Муслима дийцина хьадис).*

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттира, аьлла: **«ХIай Делан Элча, оьмар йоца йолуш, къинош дукха долуш хуьлу стаг».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«ХIора адам къа латош ду, шен хьекъале амал, синкхетам болчу стагана цуьнан къиноша зен дийр дац».** Цуьнга хаьттира: **«И муха хуьлу, хIай Делан Элча?»** Цо жоп делира: **«Шегара къа мосазза долу сихха тоба до цо, тIаккха цуьнан къинош дIадоху, Делан комаьршонца йалсамане воьду иза»** *(Хьакима, Тирмизис дийцина хьадис).*



Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стеган, бусалба зудчун дегIехь, доьзалехь, даьхнехь бала ма ца лаьтта, и бахьанехь шайна тIехь къа а доцуш уьш АллахIана дуьхьал кхеташ бен»** *(Тирмизис дийцина хьадис).*

**Тасбихьан ламаз**

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Iабдул МуттIалибан кIанте Iаббасе элира, аьлла: **«Ас совгIат дай хьуна? Ас итт хIума хьехий хьуна, ахь уьш кхочушдахь, хьан къиношна Дала гечдийр долуш, хьалха диначарна, тIаьхьа диначарна а** (пхийттара ваьлчахьана тасбихь ламаз даллалц йолчу ханна йуккъехь летийна долу къинош), **ширачарна, керлачарна, ца хууш диначарна, хууш диначарна, кегийчарна, даккхийчарна, къайлах диначарна, гуччохь диначарна? Итт хIума: ахь диъ ракаIат ламаз дар ду, хIора ракаIатехь фатихьат а, кхин сурат а доьшуш, тIаккха хьалхарчу ракаIатехь уьш дешарх хьо паргIатваьлча, ирахь волуш пхийттазза эр ду ахь:** ***субхьаналлохIи, вальхьамду лиллахIи, ва лаилахIа иллаллохIу, валлохIу акбар.*** **Цул тIаьхьа рукуIе гIур ву хьо, цигахь иза иттазза эр ду ахь, тIаккха рукуIера хьо хьалавахча, иза иттазза эр ду ахь. Цул тIаьхьа суждане гIур ву хьо, цигахь иза иттазза эр ду ахь, тIаккха сужданера хьо хьалавахча, иза иттазза эр ду ахь. Цул тIаьхьа суждане гIур ву хьо, цигахь иза иттазза эр ду ахь, тIаккха сужданера хьо хьалавахча, иза иттазза эр ду ахь. ХIора ракаIатехь 75 тасбихь хуьлу иза, деа ракаIатехь изза болх бийр бу ахь. ХIора дийнахь и ламаз дан хьайн ницкъ кхачахь, и дойла ахь. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хIора пIераскан дийнахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хIора баттахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хIора шарахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хьайн оьмарехь цкъа дойла ахь и»** *(Абу Давуда, ибн МажахIа а дийцина хьадис).*

Iелас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина хIара: **«Делан Элчанера** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **цхьа хIума суна хезча, Дала Шена пайда бан луучу хIуманца цунах пайда бора суна**. Абубакара (Дела реза хуьлда цунна) дийцира суна (бакълуьйш а ву Абубакар), Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ша къа латош цхьа а бусалба стаг ма вац, цул тIаьхьа ламаз а эцна, ши ракаIат суннат ламаз дина, тIаккха шегара даьллачу къинна Деле гечдар доьхуш, цунна гечдеш а бен»**. ТIаккха цо дийшира хIара ши аят: **«Ша вуон хIума йа шен дегIанна зулам динарг, цул тIаьхьа Деле гечдар дехнарг, –цунна карор ду Дела гечдеш, къинхетам беш хилар»** *(«Ан-нисаъ», 110).* **«Иштта нах бу уьш, шайгара ирча къа даьлча йа шаьш шайна зулам дича, Дела дагавогIуш, шайн къиношна гечдар доьхуш»** *(«Алу Iимран», 13)5.*

Iусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Дала шега омра ма-дарра ламаз эцар кхочушдинарг милла велахь а, царна йуккъехь цо летийна долчу къинойх фарз ламазаша цIанво иза»** *(Муслима дийцина хьадис).*

Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, ша эца ма-деззара ламаз эцна, цул тIаьхьа ши ракаIат суннат ламаз дина, шен дог-ойла оцу ламазана тIе а йахийтина, йалсамани цунна важиб хуьлуш а бен».** Ас элира: **«Ма йоккха комаьршо йу хIара».** Суна хьалха волчу цхьамма элира: **«Оцул хьалха дерг кхин а дика ду».** Со дIахьаьжча, иза Iумар вара, цо элира: **«Хьо хIинцца схьаккхаьчна го суна. Шух цхьа а ма вац, ша эца ма-деззара дуьззина ламаз эцна, тIаккха ша олуш:** ***«АшхIаду ал-ла илахIа иллаллохIу ва анна Мухьаммадан IабдуллохIи ва расулухIу*** *(Ас тоьшалла до, Аллах1 воцург дела вац, Мухьаммад АллахIан лай а, элча а ву» аьлча*, **йалсаманин барххIе неI цунна дIайоьллуш а бен, шена луъучу неIарехула иза чу вахийта»** *(Муслима дийцина хьадис).*

Абу Лайлан кIанта Iабдуррохьмана дийцина, Абу Муса, цомгаш волчу Iелин кIанте Хьасане хьажа вахара, аьлла. ТIаккха Iелас цуьнга хаьттира: **«Цомгашчуьнга хьажа веана хьо йа хIуьттаренна веана хьо?»** Абу Мусас элира: **«ХIан-хIа, цомгашчуьнга хьажа веана со».** Iелас цуьнга элира тIаккха: **«Хьо цомгашчуьнга хьажа веана велахь, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **олуш хезна суна: «Стаг шен цомгаш волчу бусалба веше хьажа вахча, йалсаманин бошмашкахула воьду, ша охьахаъалц, иза охьахиъча, къинхетам хьаьрча цунах. Нагахь иза Iуьйрана ваханехь, 70 эзар малико салавваташ дохку** (гечдар доьху) **цунна суьйре хиллалц. Нагахь иза суьйранна ваханехь, 70 эзар малико салаваташ дохку** (гечдар доьху) **цунна Iуьйре хиллалц»** *(Ахьмада дийцина хьадис).*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Аш суна дийца, шух цхьаьннан неIара хьалхахула татол хилча, цу чохь иза хIора дийнахь пхоьзза лийча а луьйчуш, тIаккха цуьнан моданах хIумма йуьсур йарий?»** Цара элира: **«Цуьнан моданах хIумма а йуьсур йацара».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Иза ду, АллахIа уьш бахьана долуш къинош дIадохуш долчу пхеа ламазан кицанах терра»** *(Шегахь барт хилла хьадис).*

МасIудан кIанта (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ТIаьхьа-хьалха хьаьж а, Iумрат а дойла аш, баккъал а, оцу шимма къелла а, къинош а дIадоху, левсино эчиган, дешин, детин мода дIайаккхарх терра. Къобал хиллачу хьаьжан бекхам ма бац, йалсамани бен»** *(Ахьмада, Тирмизис дийцина хьадис).*

КаIбан кIанта Убаяс (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Ас элира: «ХIай Делан Элча, хьуна салавваташ дукха дахка лууш ву со,** (айса доIа дечу хенахь) **мосазза салават дилла деза хьуна ас?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка».** Ас элира: **«ДоIин доьалгIа дакъа?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка, нагахь хьо совваллахь – иза дика ду хьуна».** Ас элира: **«ДоIин ахдакъа?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка, нагахь хьо совваллахь – иза дика ду хьуна».** Ас элира: **«Кхо дакъа дича, ши дакъа?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка, нагахь хьо совваллахь – иза дика ду хьуна».** (Айса доIа деш йолу) йерриге а хан хьуна салават дуьллуш йоккхур йу ас. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«ТIаккха-м Дала ахь дагалаьцнарг кхочушдийр ду, хьан къиношна геч дийр ду»** *(Тирмизис дийцина хьадис).*

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

БУСАЛБА ДИНАН IИЛМАНАН ДАЙН ИСТОРИ

# ИМАМ МАЛИК

*Чаккхе.*
*Йуьхь йеша № 17.2025 шо.*

Маликан мутаIеламех лаьцна аьлча-м, цара йоккха лар йитина Умматехь Iилманца. Цуьнан эзар кхо бIе мутаIелам хилла, оцу заманан Iилманчех уггаре а дукха нислуш бу уьш. Царах ву дуьненахь гIараваьлла, мазхIабан да а волу Имам ШафиIи. ШафиIис олуш хилла, Малик хьахош меттиг йаьлча, цуьнан хьокъехь: «Малик дуьне а серладаьккхина къегаш седа бара». Маликан мутаIелам хилла ву Яхья ибн СаIид аль-Каттан. Яхьян хьокъехь Хьанбалан Ахьмада аьлла: Сан бIаьргашна ма ца вайна цунах тера верг». Яхьяс олуш шен хьехархочун Маликан цIарах: «Имам Малик хьадисан Iилманехь паччахь ву». Иштта, Имаман мутаIеламех ву Суфьян ибн Iуйайна, табиIинех а волуш, Маккин хьадисан Iилманан воккха Iеламстаг. ШафиIис аьлла цуьнан хьокъехь: «Суфьян ибн Iуйайна а, Малик ибн Анас а ца хиллехь, Хьиджазера Iилма довр дара». Абу Хьанифатан уллера мутаIелам, IаблуллахI ибн Мубарак, имам, мужтахIид, хьафиз – Маликан мутаIеламех ву. Иштта, дуьненахь мазхIабан да волуш гIараваьлла волу Абу Хьанифат НуIман ибн Сабит а ву Маликан мутаIеламех. Имама ЗахIабис йаздо: ТабиIинаш дIабевлча Маликал а воккха Iилманча вацара Мединатехь динан хааршкахь а, кхетарехь а. Оцу заманахь хилла болу табиIинаш а, Iеламнах а, баккхий имамаш а Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) болчу безаме, лераме кхаьчна наггахь а вац цул тIаьхьа йолчу заманахь. Малик а ву оцу магIарехь. IабдуллахIан Мусхьаба дуьйцу: «Имам Малик волчу меттехь Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) цIе йаьккхича, цуьнан йуьхьа тIера бос хийцалора».

Имам Малик Мединатан шахьаран латтахь говра а, эмкала а хууш вацара, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) биллинчу ког биллар нисдаларе са а туьйсуш, иштта цуьнга болчу лерамна а. Оцу балхо кхин а чIогIа сий ойъура Маликан. Оцу хьокъехь Маликан мутаIелам хиллачу ШафиIис дуьйцу: «Малхбалехьарчу Хорасанан дин бара Маликан неIарехь латташ, цул хаза дин цкъа а гина а бацара суна. Ас элира Малике:



- Ма хаза дин бу хIара.

Малика жоп делира суна:

- СовгIатна хьуна ло-кх ас и дин, IабдуллахIан да (ШафиIин иштта цIе йоккхуш хилла цуо).

- ХIан-хIа, хьайна бита ахь иза. Иза-м хьуна дIаса ваха безар бу Мединатехь.

Малика олу тIаккха:

- Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) гIаш леллачу Мединатехь говра а хиина лела вай кхоьллинчу Делах эхь хета суна».

Имам Малик ша хьадис дийца дагахь волчу хенахь, ламаз а оьций, хаза хьожа йолу хIума а тухий, маж а шарйой, коьрта кIайн чалба а йоьхкий, кIайн духар духий, тоьллачу метте охьа а хуий, сих а ца луш меллаша, ойла а йеш дуьйцура. Латташ волуш а, йа новкъах воьдуш а хьадис ца дуьйцура Малика, хIунда аьлча, оцу хьолехь ойлайар гIийло хуьлу дела. Малика олу: Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) лерам иза дийна волуш санна бан безаш бу, иза дIакхелхинчул тIаьхьа а.

Имам Маликана тIе нах баьхкича, цуьнан хьадалчас хотту цаьрга: «Шу хаттар дохьуш даьхкина йа хьадис схьаэца?». Нагахь санна хаттар дохьуш баьхкинехь, Малика ара а волий жоп луш хилла. Ткъа нагахь санна уьш хьадис хатта баьхкинехь, дегIах хи а кхорзий, ламаз карла а доккхий, шена тIе тоьлларг духар а духий, хаза хьожа йогIу IатIар а тухий, шен ойла Далла тIе а йохуьйтий, нахана дуьхьал волуш хилла.

«Ца хаьа суна» боху дешнаш коьрта хилла хIиттадо Малика шена. Цуо из сихсиха олу, шега цхьа хаттар дича, нагахь санна цуьнан дуьззина жоп дацахь, йа жимма а шеко йелахь.

Имама Нававис дуьйцу: Имам Малике шовзткъе итт хаттар делча, цуо царна цхьанна а жоп ца луш меттиг а йогIу. Малика олуш хилла ишттачу меттехь: «Ша цхьанна жоп дала кечлучу хенахь, цуо шена хьалха хIоттадойла сурт, ша йалсманина а жоьжахатина а хьалха волуш, шен жоьпо цаьршиннах воьрзу меттиг а хоржур йолуш». Иштта, шега хаттар дича, Малика жоп ло: «Ца хаьа». Цуьнга олу тIаккха: «Иза атта хаттар ма ду». ОьгIаз а воьдуш, жоп ло Малика: «Динехь атта хаттар дан а дац!».

Имам Малика шен мазхIаб кхолларехь тIетевжина хуьлу Къурънанна а, хьадисана а, Iеламнехан барт тайначу сацамна а, Мединатан охIланан Iадатна а, шех тера леллачу белхашна а, асхьабийн хьежамна (сацамашна) а, иштта кхин а.

Мединатан охIланан Iадатийн тидам а беш, нагахь санна и Iадаташ лелош а, лардеш а делахь баккхийчара а, кегийчара а, Iеламнаха а, Iилма доцчу магIара болчу наха а, цхьаммо а оцу Iадаташна йеш дуьхьало (резабацар доцуш) а йоцуш, цу тайпа долчу Iадатах шен хьукманехь пайдаоьцу Малика, иза динца мегаш хиларан шеко а йоцуш. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) волчу заманахь а, цул тIаьхьа асхьабаш а, табиIинаш а болуш а Мединатан охIланан цIийх, сих дIадоьлла, дIайийна хуьлу Къурън а, хьадис а, цьрца долу хьукма а, Делах дегатешар а, динца йолу ойла чIагIйалар а, кхин совдолу хIума улле а ца дуьтуш. Шен хьехархо волчу Абу Iабдурахьманан воIа РабиIа тIеIаткъам бо Маликна оцу хьолехь. РабиIа а ладугIура Мединатан охIлано муха лелош дара муьлхха хIума, иза коьрта а лорура цуо, цара Къурънах а, хьадисах а шайн дахар а хоьттина, цуьнца Iадат нисдина хилар бахьана долуш. РабиIа олу: «Эзар стага олуш долу эзар (хIума) гIоле хета, цхьамма дуьйцуш долчу цхьаннал а. Оцу цхьамма дуьйцуш долчу цхьана хIумано суннатах ваккха тарло».

Асхьабех волчу Сабита кIанта Зайда олуш хилла: «Нагахь санна Мединатан охIлано цхьа хIума деш шайна тосалахь, иза суннатера дуйла дIахоийла шуна».

Маликан мазхIаб даьржа Мисрара Къилбаседа Африке кхаччалц а, цул тIаьхьа Андалусе а. Африкан пачхьалкхашкахь тахана а ду Маликан мазхIаб.

Имама Къоди Ийада дуьйцу шен заманахь: «Маликан мазхIаб даьржина Хьиджазехь, Басратехь, Мисарахь, Суданехь, Андалусехь, Сицилехь, Нийсабурехь. Маккахь коьрта хьежам Ибн Iаббасан Iилманца хуьлу.

Мисара Маликан мазхIаб кхочу иза дийна а волуш. Хьафиз Ибн Хьажар Iаскъаланис дуьйцу, Ибн ВахIба дийцина аьлла:

«Мисара дуьххьара Маликан Iилма (мазхIаб) деанарг Iусман ибн Хьакам аль Джазами а, Iабдурахьим ибн Халид ибн Йазид а ву».

Мисарахь Маликан мазхIаб даржош болх бина цуьнгара Iилма схьаэцначу Iеламнаха: Iабдурахьман ибн аль-Къасима (Абу IабдуллахI), IабдуллахI ибн ВахIб ибн Муслима (Абу Мухьаммад), IабдуллахI ибн Iабдул-Хьаькама (Абу Мухьаммад). Андалусехь Маликан мазхIаб даржийна Iеламнахана: Iали ибн Зийад ат-Тунисис (Абу аль-Хьасан), Зийад ибн Iабдурахьман аль-Къуртубис (Абу IабдуллахI), Iиса бин Динар аль-Къуртуби аль-Андалусис.

Цу кепара шайгахь Iилма а долуш, дийнахь а, буса а хьоьгуш долу къа оцу Iилманца а долуш, цхьана а дуьненан а, йа Iедалан а белхашна йукъагIерташ а боццушехь, динехь бакъдерг Iаьвшшина дIааьлча, йа шайн лаамна дуьхьало йича, таIзар деш хилла, мел ондачу адаме а лалур доцчу ницкъаца.

Иштта, дуьненан хьолехь зер – иза сийлахьчу а, цIенчу а, Делан гергарчу а нехан сибатех а, дахаран кхиэлах а ду. Имам Малик а ца ваьлла оцу зерах. Иза муха вер вара дуьненан зерах, оццул Iилманца а, Iамалца а, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) везарца а Далла герга вахана волу. Амма, Малик санна болчу Iеламнаха и тайпа баланаш а, таIзарш а хала ца лов. Иштттачу баланаша, халонаша уьш кхин а сутара бо шайн Iилманехь а, Делах тешарехь а, ткъа нехан дегнаш чохь-м муххале а лерам а, безам а совболу цаьрга.

Ибн СаIада йаздо: «Делора, шена шед йетташ, таIзар динчул тIаьхьа, Малик нехан дегнаш чохь кхин а чIогIа айвелира, цу балхах муххале а сий хьаладелира цуьнан».

Iеламнаха дийцарехь, и таIзар дар бахьана, нуьцкъашха йа кхерамца йитина зуда йиталуш йац аьлла, Малика сацам (фетва) бар хуьлу. Цуо и сацам бар бахьана, халифа цхьаьнга чIагIо йайтина хуьлу, зударий буьтур бац аьлла, и хезча дIакхайкхабо шен Iилманан сацам Малика. Иза ца тов цуьнан заманан куьйгалхошна. Мединат шахьаран куьйгалхочо омра а дой, имам лоцуьйту. Куьйгаш чуьра а дохуш оззийна муьшах дIа а доьхкий, шед йетта цунна. Оцу хIора тоьхначу шедан аьрцнийн лар, дегIах кIоргга чу а йуссуш, тIера охьа оьхуш цIийн Iовраш а йолуш, таIзар до Маликна. Цул тIаьхьа малхо кхехкочу довхачу дийнахь, вира тIе а воьхкий, Мединат шахьарахь гIалин йохалла чакхвоккху. Ша вир тIе а вихкина, сийсазлонца чакхвоккхучу хенахь, нахана тIе мел кхочу Малика олу: «Со вевзачунна со мила ву хаьа. Нагахь со цавевзачунна, Анасан Малик ву шуна со. Ас дIакхайкхадо шуьга «Нагахь санна стаге нуьцкъашха йа кхерамца зуда йитийтинехь, иза зуда йитар дац шуна». И болх дIахиъначу Мединатан куьйгалхочо омра а дой охьавоккхуьйту иза вира тIера. Иштта цхьаболчу Iеламнаха йаздо, Абу ДжаIфара аль-Мансура аьллера Малике: «Ас омра дина, хьуна таIзар динарг лаьцна схьа а валийна, хьуна динчул тIех чIогIа таIзар дойтур ду аьлла, чIагIо ма йо хьуна».

Малика цунна жоп ло: Дала Шен сийдарца, къинхетам бойла бусалба нехан халифах, ас оцу стагана гечдина, цуьнан Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) а, хьан а цIенца долчу гергарлонна а». Малик шайна къинтIераваларх дагна паргIато хуьлу Мансурана. Ткъа шен мутаIеламашка дуьйцу Малика: «Цу дийнахь, сайна динчу таIзарх суо валарна кхеравеллера со, хIунда аьлча, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) дуьхьалхIоьттича, цуьнан цIийнах волу стаг суо бахьанехь жоьжахата вахар нисдалар хиларна кхоьруш».

Имам Малик хиллане а реза ца хуьлу керла йукъадуьйлучу хIуманашна а, уьш йукъадохучу нахана а. Динна цара йеш йолу новкъарло а, уммат декъа йолу Iалашо а гуш, цаьрца биллина «тIом» бо Малика Iилманца. Ибн Iийада дуьйцу: «Имам Малике хьаттича, «къадариташ» муьлш



бу аьлла, цуо жоп ло: «Уьш хIума дар шайгахь ду, Делан кхиэлаца дац, шайна лаахь Далла муьтIахь а хуьлу шаьш, шайна лаахь къинош а до» - бохучу «кхетамца» лелаш нах бу. Ма-дарра аьлча, маггане а мегар дац къадаритех а, хариджитех а, рафидитех теша а, цаьргара тоьшалла схьаэца а, йа уьш тоьшаллина хIитто а», - олу Малика.

Кхоьллинчу АллахI-Делан сипаташ дийцарехь, Иза Ша кхоьллинчу Iаламан балхех тарвеш долу белхаш дийцар дезаш вацара Имам Малик. Дала Шен сийдолчу Къурънанчохь аьллачух кхачам а бина саца везаш ву бусалба стаг, Делан сипаташ дуьйцуш, Иза цхьаннах тарвеш долу хьадисаш тIе ца дуьтура цо. Малика олу: «Дала Адам пайхамар кхоьллира Шех тера» бохуш долу хьадис цхьа а чIагIо йолуш дац, иза дийца а ма дийца. Делах тера цхьа а хIума а дац, йа хила йиш а йац. Иштта йолу ойланаш хилар а нийса дац». Оцу хьокъехь Малике хоьтту: «Хьадисаш ма ду: «Дала Адам пайхамар кхоьллира Шех тера, Дала Шен гола схьайоьллур йу, Дала Шен куьйг жоьжахата кховдийна, Шена луург цу чуьра схьавоккхур ву», бохуш. Малика кхачам боллуш, чоггIа доьхку уьш дийцар. ТIаккха цуьнга олу: «Цхьаболчу Iеламнаха ма дуьйцу и хьадисаш? «Муьлш бу уьш, бийца шена», - олу Малика. Ибн Iаджлан ву, Абу Зинадера ду олуш дуьйцуш. «Малика жоп ло: «Ибн Iаджлан йа оцу балхах кхеттане кхеташ а ца хилла, йа иза Iеламстаг а вац (цуьнгахь Iилма ца хилла иза дийца). Вайна кхачаме хила деза Дала аьлларг: «АллахI-Делах тера цхьа а хIума а дац!» - олу Малика.

Оцу хаттаршкахь кхиболчу имамийн а санна, Маликан заманахь, цуьнца а лелла дукха а дийцарш, хиламаш. Уьш хоьттуш а, дуьйцуш а меттиг нисйелча, оьгIазвоьдуш хилла, Малик, питана дан гIертар шена билгалдаларца.

ДжаIфара ибн IабдуллахIа дуьйцу: «Тхо дара Малик волчохь, цунна тIе а веана цхьамма хаьттира: «ХIай IабдуллахI, Дела Iорша тIехь хиина вуй? Цунах хIун олу ахь?» Малика цкъа корта оллийра, оьгIазло сов йолуш хьацар туьйхира цуьнан хьаж тIе: «Мегар дац и муха ду бохуш хетта! Керла йукъадоккхуш (бидIат) хIума ду иза. Хьо керла хIуманаш йукъадохучу охIланах волчух тера а ду, - олу Малика. Цул тIаьхьа, дIаваккха иза кхузара олий, эккхавойту имама. ХIара дийцар цигахь нисбеллачу дуккха а Iеламнаха даладо.

Имам Маликан дийцаршкахь коьрта масалш хилла схьадогIу цуьнан хьехаме могIанаш:

«Стеган хьал толур дац, цо шех хьакхалуш доцург диттталц, ткъа цуо и дитича, шен дог (диканна) схьадоьллуш волчу АллахIана герга хир ву иза».

«Нехаш тIе хиъна Iарх дог толур дуй хиънехьара, со цу тIе охьахиъна Iийр вара».

«Хаттарна жоп дала дагахь волчо ша жоьжахатина а, йалсаманина а хьалха хIоттавойла, тIаккха цуо ойла йийр йу, шен жоьпо цуьнан жамIана муха Iаткъам бийр бу».

«Со оцу балхана хьакъ ву аьлла, ворхI бIе Iеламстага тоьшалла даллалц фатва ца делира ас».

«Iеламстаг Iеламстаг вац, ша нахаца йолчу йукъаметтигехь (нехан хьокъехь) фатва луш дерг дича бен».

«Хьалха хиллачу нийсачу наха (бакъонан дайша) шайн берашна Абу-Бакр а, Iумар а (Дела реза хуьлда царна!» веза Iамийна, Къуръан тIера сурат ма-хьеххара».

«Нагахь санна стагехь шена дика ца хилахь, цуьнгахь нахана а дика хир дац».

«Iилманал хьалха гIиллакх Iамаде!».

«Ахь дукха дIахьехар (дуьненахь) - иза дац Iилма. Iилма - иза Делан нур ду, Цо Шена луучунна луш долу».

«Дуьненан дахарна хьо мел гIайгIане, сингаттаме ву, оццул хьан даг чуьра гуттар а долчу эхартан гIайгIа а дIайолу, ткъа даима долчу дахарна (эхартана) хьо гIайгIане мел ву, оццул дуьненан хIуманашна йолу гIайгIа а дIайолу хьан даг чуьра».

Имам Малик дуьненчуьра дIакхелхинчу деношкахь дерриге а дуьненахь болчу бусалба нахана тезет хIутту. Имам Малик Iилманехь а, синан оьздангаллехь а уггаре лекхарчу тIегIанехь вара шен заманахь. Шина чкъуран хьехархо а, синан хьехамча а хуьлий латта иза. Иштта шина чкъуран Iилманчийн дешархо а, уллера накъост а.

Доккха масал а, сийлахь хаза гIиллакх а дIадолу дуьненчуьра Малик кхалхарца. Иза тIех къаьсташ вара Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хьадисаш дукхадезарца. Имам дIакхелхинчул тIаьхьа а наха генна кхидIа дуккха а вуьйцура иза, цуьнан эшамийн лазамца. Таханлерчу дийне кхаччалц хIора бусалба стеган дог иза валарна гIайгIане хуьлу, АллахIе доIанаш до цунна гечдар доьхуш.

Ибн МахIдис аьлла: «Нагахь санна хьайна Малик ибн Анас везаш волу Хьиджазан вахархо нислахь, хаалахь иза суннатехь вуй!»

Шовзткъа шарахь Мединатан муфти хилла Имам Малик. Цхьана кIезиг йолчу заманахь (ткъе шина дийнахь) имама цамгар токху ша дIакхалххалц. РаббиIул аввал баттахь, хIижратан 179-чу шарахь нуьречу Мединатахь шен 87 шо долуш дIакхелха. Имам дIакхелхинчул тIаьхьа, цуьнан бисина бахам 3300 дирхIам хуьлу. Дийцарехь, ша дIакхелхачу хенахь Имам Маликан 100 чалба хилла.

Мухьаммад ибн Идрис аш-ШафиIис дуьйцу: «Цхьана дийнахь, сан ненайишас дийцира соьга, тхо Маккахь долчу хенахь: «Селхана буса цхьа тамашийна гIан гира суна. Цхьамма элира (соьга), хIокху (тIейогIучу) буса дуьнен тIехь уггаре а тIех Iилма хууш верг лийр ву аьлла». Ас, ойла а ца йеш, жоп делира: «Иза билгал ду-кх. Малик ибн Анас дIакхелхар ву хIета». Цу буса Малик дIа а кхелхира».

Ша дIакхелхачу хенахь шахIадат а даладой, «Ар-Рум» сурат тIера доьалгIа айат а доьший, Далла дуьхьал воьду имам.Малика весет до, ша кIайчу марчо йукъа а хьарчийна дIаволларца. Цуьнан весет кхочушдеш БакъиI кешнашкахь дIавуллу иза. Вай массо АллахI-Делера ду, Цуьнга дIадоьрзур долуш а ду.

*Идрисов Ислам*

# САЛАХ-ХАДЖИ МЕЖИЕВ ПЕРЕИЗБРАН НА ДОЛЖНОСТЬ МУФТИЯ ЧР



По итогам отчётно-выборного съезда Духовного управления мусульман Чеченской Республики на пост муфтия ЧР переизбран Председатель Координационного центра мусульман Северного Кавказа Салах-Хаджи Межиев.

Мероприятие посетил Глава Чеченской Республики Рамзан-Хаджи Кадыров. Он отметил заслуги Салаха-Хаджи Межиева и подчеркнул, что Салах-Хаджи лично вошёл в число членов Высшего учредительского совета Всемирной исламской лиги, а также стал одним из учредителей Международного генерального секретариата духовных управлений и организаций по изданию фетв.

«Под его руководством проведена колоссальная работа. Только за последние годы в регионе приняли Ислам сотни людей, десятки тысяч мусульман обучились чтению Корана, а духовенство помогло сотням тысяч жителей республики в решении личных и семейных вопросов. Благодаря усилиям муфтията гармонизированы брачно-семейные отношения, воссоединились тысячи семейных пар, урегулировано множество кровных конфликтов. Безусловно, это огромный вклад в сохранение мира, согласия и духовных ценностей в нашем обществе», - написал Кадыров.

Глава региона поблагодарил Салаха-Хаджи Межиева и сотрудников ДУМ ЧР за результативную и полезную работу. По итогам мероприятия вручены медали «За заслуги перед ЧР» заместителям муфтия ЧР — Арби Хабзиеву, Лечи Хункарову и Аламу Ильясову. Ряд отличившихся сотрудников муфтията были удостоены почётных знаков «За трудовое отличие».

*Ахмадова Зарема*

# ЧЕЧЕНСКАЯ РЕСПУБЛИКА СТАНЕТ ПЕРВЫМ РОССИЙСКИМ РЕГИОНОМ, ГДЕ ИЗДАДУТ КОРАН



Об этом в своем телеграм–канале сообщил Глава Чеченской Республики Рамзан-Хаджи Кадыров по итогам отчётно-выборного съезда Духовного управления мусульман Чеченской Республики.

«Теперь Чеченская Республика станет первым регионом России, где созданы условия для собственного издания Благородного Корана. Это событие имеет особое духовное и культурное значение для всего нашего народа», - написал Глава региона в своем телеграм-канале.

Кроме того, в рамках мероприятия Межиев передал руководителю республики уникальный экземпляр Корана с чеченским орнаментом, впервые изданный в регионе.

Напомним, по итогам съезда регионального духовного управления мусульман на пост муфтия ЧР был переизбран Салах-Хаджи Межиев. Кадыров отметил его результативную работу по развитию и распространению Ислама в Чечне.

*Ахмадова Зарема*

# РАСТЕНИЯ, УПОМЯНУТЫЕ В КОРАНЕ

**ОЛИВКИ**

ОЛИВКИ УПОМЯНУТЫ В КОРАНЕ СЕМЬ РАЗ, И ОБ ИХ ПОЛЬЗЕ ДЛЯ ЗДОРОВЬЯ ГОВОРИТСЯ В ПРОРОЧЕСКОЙ МЕДИЦИНЕ. ПРОРОК МУХАММАД (ДА БЛАГОСЛОВИТ ЕГО АЛЛАХ И ПРИВЕТСТВУЕТ) СКАЗАЛ: «ЕШЬТЕ МАСЛО ОЛИВЫ И НАТИРАЙТЕСЬ ИМ – ЭТО БЛАГОСЛОВЕННОЕ ДЕРЕВО».



Оливки, как и финики, играют значимую роль в древней и современной культуре. В средиземноморской культуре оливки выполняли самые разнообразные функции – от денег до лекарств – в течение нескольких тысяч лет. Голубь, держащий оливковую ветвь во рту, стал универсальным символом мира.

Говорят, что это произошло в истории с пророком Нухом (мир ему). Голубь появился как знак того, что потоп, который был ниспослан в качестве наказания, более не представлял опасности. Косметическая индустрия, сторонники натуральных средств и кулинарный мир единодушны в преимуществах этого восхитительного плода, который славится вкусом и пользой.

Использование и преимущества оливок

Олива настолько благословенное дерево, что в нём почти ничего не тратится впустую, поскольку плоды съедаются или используются для производства оливкового масла, листья обладают лекарственной ценностью, а древесина высоко ценится плотниками.

Благородный Коран упоминает некоторые из этих применений: «На горе Синай Мы вырастили для вас оливковое дерево. В его плодах масло, которым вы пользуетесь, и оно для вкушающих – особая снедь» (сура «аль-Муъминун», аят 20). Оливковое масло получают способом, известным как дробление и прессование. В то время как машины взяли на себя большую часть работы, традиционные методы добычи масла всё ещё используются.

В нём содержится горькое вещество, известное как олеорубин, которое удаляется во время обработки. После того как маслины измельчаются, эту массу затем выжимают, чтобы получить золотистое оливковое масло. Лучшее оливковое масло – это масло холодного отжима, поскольку оно прессуется без нагрева или добавления каких-либо химических растворителей.

Оливковое масло легче других растительных масел усваивается организмом. Мировое потребление оливкового масла растёт примерно на 1,5% в год. Страны Средиземноморского бассейна обеспечивают поставку 99% всего оливкового масла.

Хотя это масло всегда ценилось в вопросе снижения уровня холестерина, теперь его всё больше связывают с понижением артериального давления. Исследование доктора Феррары и его коллег из Университета Фредерико II в Неаполе (Италия) сравнило влияние двух подобных диет с низким содержанием жиров на кровяное давление пациентов с гипертонической болезнью.

Одна диета была обогащена оливковым маслом высшего качества с высоким содержанием мононенасыщенных жирных кислот, а вторая была обогащена таким же количеством подсолнечного масла с высоким содержанием полиненасыщенных жирных кислот. Пациенты на первой диете показали значительное снижение артериального давления, тем самым указывая на то, что диета, богатая оливковым маслом, связана не только с более низким уровнем холестерина, но и с пониженным кровяным давлением.

Ещё одно медицинское преимущество оливкового масла относится к поддержанию здоровой пищеварительной системы. Институт здоровья Оксфордского университета обнаружил, что «оливковое масло может оказывать защитное действие на развитие колоректального рака». Оливковое масло традиционно используется для предотвращения запоров, способствует «очищению» желчного пузыря и лечению различных заболеваний, связанных с кожей, таких как ожоги, царапины и солнечные ожоги. Лист оливкового дерева когда-то использовался не только для лечения малярии. Сегодня экстракт листьев доступен для любителей народной медицины и принимается в виде таблеток.

*Саида Ибрагимова*

# Делан кхиэл

Кхин цкъа а къона кIант цIеххьана вуьйжи,
Кхин цкъа а ненан дог гIайгIане дуьйжи,
ДIадуьйгIи кхин цкъа а къонахчун чурт,
Жим-жима шорлуш йу вайн кешнийн йурт...

Догдика вежарий Iожалло лоьцу,
Шен буйна веанарг цо дIа ца хоьцу,
Хийла йахь йолу стаг эхарте воьрзу,
Ткъа дагна хилла чов цкъа а ца йоьрзу.

Къонахий шайн дегнех цIераш а туьсий,
Бодане вайн дахар серла а доккхий,
Хийла стаг халонех хьалха а воккхий,
Шайн декхар кхочушдой, лахьти чу буьссу...

Сан даго Iожалле йух-йуха хоьтту:
«Диканаш сел хьалха ахь хIунда тоьтту,
Бац хьуна мел беза нехан цIий муьйлурш,
Бац хьуна нахана шаьш бале буьйлурш ?!»

Iожалло мацца а дийцира суна:
« И лаам сайниг бу ма мотта хьуна,
ХIар дуьне кхоьллина массарна деза,
Делахь а, Делан кхиэл дIалела йеза».

*Магомадов Абу*

# ПОБЕДИТЕЛЬНИЦА КОНКУРСА «ВОСПИТАТЕЛЬ ГОДА-2025» ПОЛУЧИЛА 1 МИЛЛИОН РУБЛЕЙ ОТ ФОНДА КАДЫРОВА

Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров принял участие в торжественном мероприятии, посвященном Дню воспитателя и работников дошкольного образования.

Открывая торжественную часть, министр образования и науки ЧР Хож-Бауди Дааев, отметил, что сегодня в Чеченской Республике насчитывается около 100 тысяч дошкольников, для которых созданы все условия для гармоничного развития и воспитания.

«Я с большим удовольствием поздравил воспитателей и работников дошкольной сферы с профессиональным праздником. Подчеркнул, что на них возложена огромная ответственность по формированию нравственных ориентиров и основ мировоззрения подрастающего поколения. Призвал уделять особое внимание сохранению родного чеченского языка, формированию у детей правильного мышления и культуры речи. Уверен, что наши педагоги справятся с этой задачей, а также с другими важными направлениями своей деятельности», - рассказал Рамзан Кадыров.

В ходе мероприятия Глава ЧР наградил лучших работников дошкольной сферы. За третье место в конкурсе «Воспитатель года-2025» Почетной грамотой и денежной премией в размере 300 тысяч рублей от Регионального общественного фонда имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова награждена Юлия Манченко. Второе место заняла Зулиха Чатаева, получившая Почетную грамоту и премию в размере 500 тысяч рублей. Первое место и премию в размере 1 миллиона рублей вручили Залине Калмыковой.

Также Рамзан Кадыров присвоил почетное звание «Заслуженный работник социальной сферы ЧР» Диане Дадаевой, Заре Дадаевой и Зулай Умхановой. Почетным знаком «За трудовое отличие» награждены Бирлант Садуева и Сацита Бибулатова. Ряд отличившихся работников также отмечены Почетными грамотами и Благодарственными письмами Главы ЧР.

*«Грозный информ»*



**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**34 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать 17.09.2025 г. 15:00. Подписано в печать: 17.09.2025 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!